



Pou Piblikasyon Imedya: 05/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GEN CHÈK KI SOU WOUT POU NOUYÒKÈ KI RESEVWA PEMAN KREDI TAKS POU TIMOUN YO

Chèk paman siplemantè yo pral kòmanse rive nan bwat postal yo semèn sa a

350 milyon dola nan èd finansyè dirèk pou fanmi ki gen revni fèb ak modere yo

Plis pase 1 milyon fanmi pral jwenn yon paman siplemantè ki rive jiska 330 dola pou chak timoun atravè Kredi pou Timoun Empire State la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Eta New York kòmanse bay apeprè 350 milyon dola yon fasonofisyèl nan paman siplemantè bay fanmi ki gen revni fèb ak modere nan tout eta atravè pwogram Kredi pou Timoun Empire State (Empire State Child Credit) la. Yo te voye pa lapòs premye seri chèk yo jodi a epi yo pral kòmanse parèt nan bwat lèt moun ki resevwa yo semèn sa a. Yo pral kontinye voye chèk yo pa lapòs pandan de semèn kap vini yo, epi nan fen mwa sa a plis pase 1 milyon fanmi ki elijib pral resevwa jiska 330 dola pou chak timoun - san yo pa bezwen aplike.

"Pandan Nouyòkè yo kòmanse fè makèt pou timoun yo retounen lekòl, n ap remèt kèk lajan nan pòch yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ekip mwen an ap asire paman siplemantè sa yo rive jwenn chak Nouyòkè ki elijib – epi mwen pral kontinye travay chak jou pou adrese kou lavi pou paran k ap travay atravè eta nou an."

Livrezon chèk ap fèt nan yon pousantaj plis pase 100,000 chèk pa jou pou asire ke tout fanmi ki elijib yo resevwa paman siplemantè yo nan moman opòten. Fanmi ki elijib yo pa oblije fè anyen pou resevwa paman yon sèl fwa sa a. Yo bay li pou kontribyab New York yo ki te deja resevwa yon Kredi pou Timoun Empire State pou omwen 100 dola sou deklarasyon taks eta 2023 pa yo.

Paman yo varye ant 25 pousan ak 100 pousan montan Kredi pou Timoun Empire State la yon kontribyab resevwa pou ane fiskal 2023. Paman ki pi wo yo ki rive jiska 330 dola pou chak timoun pral jwenn moun ki gen revni ki pi fèb yo. Gen plis enfòmasyon sou paman siplemantè a ki [disponib isit la](#).

Paman siplemantè yo fèt dapre yon akò ant Gouvènè a ak Lidè Lejislatif Eta yo nan kòmansman ane sa a pou mete sou kote apeprè 350 milyon dola anplis nan soulajman finansyè pou moun k ap resevwa Kredi pou Timoun Empire State aktyèl la.

Elaji kredi Enpo pou timoun pou plis fanmi k ap travay

Kredi pou Timoun Empire State la se yon kredi taks ranbousab pou Nouyòkè ki gen timoun ki kalifye pou revni yo. An 2023, Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a te elaji Kredi pou Timoun Empire State la pou enkli timoun ki poko gen kat ane yo, sa ki te benefisyè apeprè 600,000 timoun adisyonèl chak ane. Nan kòmansman ane sa a, plis pase 1 milyon fanmi ki elijib pou Kredi pou Timoun Empire State la te kòmansè resevwa plizyè santèn milyon dola nan kredi taks ki baze sou deklarasyon taks 2023 yo. Plis enfòmasyon sou Kredi a [disponib isit la](#).

Li bay Nouyòkè k ap travay yo soulajman finansye

Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a te bay yon nivo sipò finansye san parèy pou Nouyòkè ki gen revni ba ak modere pandan de dènye ane yo. Yo te Akòde plis pase 2.6 milya dola atravè pwogram peman ak ekonomi siplemantè pou plizyè milyon kontribyab New York depi 2022.

Sa gen ladann kredi ranbousman taks pou pwopriyetè kay 2022, peman siplemantè Kredi Enpo sou Revni Salaryal 2022 ak Kredi pou Timoun Empire State la, sispansyon taks sou gaz 2022, ekspansyon Kredi pou Timoun Empire State 2023 ak dènye faz peman siplemantè Kredi pou Timoun Empire State la ki te anonse semèn pase a.

Ede plis fanmi k ap travay peye pou gadri

Gouvènè Hochul te fèk lanse tou [ny.gov/childcare](https://www.ny.gov/childcare) – yon pòtay dijital pou ede rann gadri gratis oswa bon mache pi aksesib pou fanmi ki elijib yo atravè eta Pwogram Asistans pou Gadri (Child Care Assistance Program, CCAP) New York la. Nouvo inisyativ sa a swiv investisman istorik 1.8 milya dola eta ak federal la nan CCAP Gouvènè Hochul te garanti nan Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2025 la. CCAP kouvri plis pase 90 pousan depans pou gadri pou fanmi ki elijib yo, ak pifò fanmi ki gen kat moun pa peye plis pase 15 dola pa semèn pou gadri.

Dènyèmman Gouvènè a te travay ak Lejislati a pou revize sistèm gadri a epi fè envèstisman istorik inik, ki gen ladan yon angajman 7 milya dola pou kat ane pou amelyore pwogram asistans pou gadri a; elaji kalifikasyon revni pou asistans gadri pou plis pase mwaye timoun piti nan New York; ogmante pousantaj ranbousman eta bay founisè yo pou ogmante kantite pwogram fanmi yo ka chwazi; investi 50 milyon dola pou etabli yon pwogram kapital pou gadri; investi 343 milyon dola pou estabilize pwogram ki riske fèmèn epi sipòte mendèv gadri a; epi investi 15.6 milyon dola pou elaji gadri nan tout kanpis SUNY ak CUNY.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)